# PEDAGOGIKALÍQ DIAGNOSTIKA MASHQALALARÍNÍŃ AYÍRÍM ASPEKTLERI

**I.B.Allaniyazov** – *pedagogika ilimleriniń kandidatı*
*Ájinyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** pedagogik diagnostika, bahalash tizimi, test nazorati.
**Ключевые слова:** педагогическая диагностика, оценочная система, тестовый контроль.
**Key words:** pedagogical diagnostics, evaluation system, test control.

**Kirisiw.** Mámleketimizde bilimlendiriw tarawınıń rawajlanıwına úlken itibar qaratılıp atırǵan búgingi kúnde oqıtıw nátiyjelerin obyektiv bahalawǵa erisiwde pedagogikalıq diagnostikanıń tutqan ornı girewli. Sistemanı jetilistiriwdiń eń zárúr wazıypalarınan biri tálim sapasın, onıń fundamental maqset mazmunın saqlap qalıw. Tálimniń shaxs, jámiyet hám mámlekettiń búgingi hám keleshek máplerine muwapıq keliwin támiyinlew. Demek, joqarı bilimlendiriw mákemelerinde tálim sapasın basqarıw, qadaǵalaw hám bahalawda pedagogikalıq diagnostika jumısların jetilistiriw - aktual mashqalalardıń biri.

**Ádebiyatlar analizi.** Nemis pedagogı K.Ingenkamp pedagogikalıq diagnostikanı, tar hám keń mániste kórip shıǵıw múmkin, tar mániste, «diagnostika - oqıw hám biliw (oqıw) procesin rejelestiriw hám baqlawdı quraytuǵın - pán. Bul jerde pedagogikalıq diagnostika talabalardıń bilimlerdi ózlestiriw hám oqıtıw sharayatları arasındaǵı baylanıstı ornatıw, anıq oqıtıw sharayatında oqıw maqsetlerin tańlawdıń tuwrılıǵın bahalaw quralı. Keń mániste diagnostika bilimlendiriwde tálim-tárbiya mashqalaları boyınsha máslahát beriw deregi bola otırıp, diagnostikalıq jumıslardıń barlıq wazıypaların óz ishine aladı. Pedagogikalıq diagnostika tálim procesi subyektleriniń rawajlanıw procesin baqlaw hám optimallastırıw quralı wazıypasın atqaradı» [1] – dep táriyip bergen.

Usı kózqarastan, pedagogikalıq diagnostika aldına tómendegi mashqalalı wazıypalar qoyıladı:

-tálim alıwshılardıń keyingi oqıw yamasa kásiplik iskerlikke tayarlıǵın anıqlaw;

-tálim procesinde olardıń ózbetinshe isley alıw iskerligi haqqında maǵlıwmat alıw;

-oqıtıw usılları hám texnologiyaların shólkemlestiriw natiyjeliligin anıqlaw;

- metodikalıq támiynattı proektlestiriwde oǵada zárúr bolǵan bilim, qábilet, kónlikpelerdi ózlestiriwdiń tuwrılıǵı, kólemi, tereńligin anıqlaw t.b.

Pedagogikalıq diagnostikanı izertlewshi alım V.M.Polonskiydiń pikirinshe «oqıw procesin tabıslı alıp barıw ushın kásiplik joqarı bilimlendiriwdiń barlıq basqıshlarında talabalardıń bilimlerin baqlaw hám ólshew zárúr. Pedagogikalıq diagnostikalıq maǵlıwmatlar talabalardıń oqıw programmaların ózlestiriwi tiykarında oqıwshılardıń oqıwdaǵı qıyınshılıqları kólemin hám qábiletlerin anıqlaw» [2]. Pedagogikalıq diagnostika oqıw procesindegi kemshiliklerdi, talabalar bilimindegi boslıqlardı anıqlaw, oqıw jobaları, dástúrleri, oqıwlıq, oqıw hám metodikalıq qollanbalardı tayarlaw, oqıw jumısların shólkemlestiriw hám basqarıwdı proektlew barısında atı atalǵan kemshiliklerdi saplastırıw jolların belgilewge tikkeley járdem beredi.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Házirgi waqıtta joqarı oqıw orınlarında qollanılatuǵın tiykarǵı pedagogikalıq diagnostika quralları hám ilajları – kúndelik, aralıq, juwmaqlawshı qadaǵalaw, awızsha hám jazba imtixanlar, sınaqlar, kolokviumlar, qadaǵalaw hám kurs jumısları, individual úy tapsırmaları, referatlar h.t.b.

Búgingi kúni joqarı oqıw orınlarında didaktikalıq qadaǵalaw hám bahalawdıń "dástúriy" kórsetkishleri sisteması oǵada keń qollanıladı, oǵan mınanday kórsetkishler: pedagogikalıq baha, ortasha ball, ulıwma úlgeriw hám oqıwdaǵı tómen yaki joqarı jetiskenlikleri kiredi. Bahalaw talabanıń reyting kitapshasınıń, maǵlıwmat orınları - maǵlıwmat banklerinde shártli (baha, payız-% t.b.) belgiler menen belgilenip barıladı.

Ádette, baha degende oqıwshınıń oqıw iskerliginiń nátiyjelerin túsinemiz. Pedagogikalıq texnologiyalar tiykarın salıwshılardıń biri V.P.Bespalko didaktikalıq diagnostikanıń áhmiyetli wazıypalarınıń biri bahalaw haqqında, «bahalaw degende oqıwshınıń oqıw nátiyjesi túsiniledi. Baha - qabıl etilgen bahalaw shártleri (gradaciya) sisteması tiykarında oqıwshınıń bilimi hám tárbiyası nátiyjeleri (tabısları) haqqındaǵı juwmaq» [3] – degen pikir bildirgen.

Pedagogikalıq qadaǵalaw nátiyjeleri oqıwshılardıń bilimlerdi ózlestiriw dárejesin bahalaw ushın tiykar bolıp bunda, bilim alıwshılardıń sapa hám muǵdar (san) kórsetkishleri esapqa alınadı. San kórsetkishler ballarda yamasa procentlerde, sapa kórsetkishleri bolsa "jaqsı", "qanaatlandıradı" sıyaqlı bahalarda sáwlelendiriledi. Hár bir bahalaw juwmaǵına belgili bir ball qoyıladı. Tilekke qarsı, baha - bul ólshew hám esaplaw nátiyjesinde alınatuǵın san emes, bálkim bahalaw tártip-qaǵıydalarına súyengen oqıtıwshınıń insanıy oy-pikir hám sezimlerine tiykarlanıp qoyılǵan, oqıwshı ushın ruwqıy baylıq baha ekenligin ayırım oqıtıwshılar, bárhá túsine bermeydi. Sol sebepli bahalawda hesh qanday muǵdarlıq basım, (bahanı tiykarsız kóteriw) yamasa kemsitiwge jol qoyılmay adamgershilik hám ádillik qatnas saqlanıwı shárt. «Dúnyanıń kóplegen mámleketlerinde bahalar hárip belgilerine iye, mısalı, A,B,C hám basqa belgiler menen belgilenedi. Bunday bahalar hár qıylı arifmetikalıq juwmaqlaw - kórsetkish, payız (%), esap-sanaq jumısların iske asırıwda qıyınshılıqlar tuwdıradı» [2]. Ámeldegi bahalaw sistemasınıń taǵı bir kemshiligi - bes ballı shkalada bahalawdı itibarsız qaldırıw múmkin emes. Sebebi, házirgi kúnde kópshilik tárepinen dáreje – dep atalıp júrgen «1», bahası júdá kem qollanıladı, bul bolsa bul shkalanı tórt ballı bahaǵa aylandıradı. Bunday bahalaw sisteması talabalardıń oqıw qábiletin qalıs bahalawǵa múmkinshilik bermeydi.

Pedagogikalıq diagnostikanıń dástúriy metodları bahalardıń subyektivligi hám qadaǵalaw nátiyjeleriniń qatań tártipte ózgertilmeytuǵınlıǵı (stereotip) sebepli bárha durıs hám ádilligi gúmanlı bahalar boyınsha qararlar, aytayıq, apellyaciyalıq sheshimler qabıllawda qıyınshılıqlar tuwdıradı. Bahalawshı ekspert tárepinen oqıwshılardıń miynetin bunday bahalaw oqıwshınıń juwabınıń logikalıq mazmunınıń izbe-izligi, tereńligi hám kólemi esapqa alınbaǵan (algoritmlestirilmegen), kóbirek intuitiv xarakterde bolıwı, bahalaw dizimine salmaqlı ózgerisler endiriwdi talap etedi.

V.S.Avanesov óziniń «Tes tapsırmaları kompoziciyası» oqıw kitabında [5] test túrlerindegi tapsırmalardı analizlep,

test tapsırmaların olardıń túrleri boyınsha klassifikaciyalap berdi. Tapsırmalar ulıwma keń málim bolǵan (jabıq hám ashıq túrdegi, juwaplardıń uyqaslıǵı hám izbe-izlikti tuwrı anıqlaw ushın tapsırmalar) testlerden basqa (keyingi tapsırmaǵa tuwrı juwap, aldıńǵı tapsırmaǵa tuwrı juwap penen baylanıslı) izbe-izligine baylanıslı; bir tema menen baylanıslı tematikalıq tapsırmalar, tekstli (oqıw teksti boyınsha bilimlerin baqlaw ushın ashıq formadaǵı tapsırmalar kompleksi); situaciyalıq (ámeliy yamasa ekstremal jaǵdaylarda bilim, qábilet hám kónlikpelerdi tekseriw ushın) test tapsırmaları túrindegi teslerdi islep shıqtı.

Pedagogikalıq diagnostikada test sınaqlarınıń óz-ara baylanıslı tiykarǵı ush funkciyası belgilengen:

- *diagnostikalaw funksiyası* - oqıwshınıń bilim, uqıp,qábilet hám kónlikpeleri dárejesin anıqlawdan ibarat. Bul test sınaqlarınıń anıq hám eń tiykarǵı wazıypası bolıp, diagnostika jumıslarınıń obyektivligi, keńligi hám tezligi boyınsha pedagogikalıq qadaǵalawdıń basqa formalarınan ústin turadı.

- *bilim beriw funksiyası* - oqıwshınıń oqıw materialın ózlestiriw boyınsha jumısların jedellestiriw.

- *tárbiyalıq funksiyası* – anıq, belgili waqıtta ótkereriliwi menen taladada jıynaqlı bolıwdı tártiplestiredi, bilimindegi kemshiliklerin anıqlaw hám saplastırıwǵa járdem beredi, óz qábiletlerin rawajlandırıwǵa umtılıwshlıq qáliplestiredi [7].

Test tapsırmalarınıń túrlerin tańlaw testtiń maqset, mazmunına, oqıtıwshılardıń texnikalıq múmkinshilikleri hám tayarlıq dárejesine, úyreniwdiń teoriyalıq, ámeliy yamasa metodikalıq bilimler tarawlarına, sonıń menen birge, talabanıń oqıw múmkinshiligi dárejesi (tańlanǵan pán modeline muwapıq) menen de baylanıslı.

Test sınaqları qadaǵalawlarınan paydalanǵan halda tálim alıwshılardıń jumısın bahalawdıń qalıslıǵı hám isenimliligin asırıw múmkin. «Test sınaqları - bul insan jetiskenlikleri dárejesin maksimal dárejede qalıs bahalaw hám bul múmkinshiliklerdi muǵdarlıq san túrinde ańlatıw imkaniyatın beretuǵın ilimiy arnawlı islep shıǵılǵan, optimal jetilistirilgen attestaciya tártip-qaǵıyda» [4:195]. Test sınaqları dástúriy qadaǵalaw usılları menen salıstırǵanda bir qatar artıqmashılıqlarǵa iye:

1. Bilimlerdi baqlawdıń keskin joqarı obyektivligi, bahalawda hesh qanday subyektiv jantasıwlarǵa jol qoymaydı.

2. Test boyınsha oqıw procesinde alınǵan kúndelik, aralıq hám juwmaqlawshı qadaǵalaw boyınsha bahalawdı gradaciya shkalalarınan patdalanıp differenciyallaw mımkin.

3.Test boyınsha bahalaw test túrleri hám maqsetine muwapıq hár túrli bolıwı múmkin.

4.Test sınaqlarınıń joqarı natiyjeliligi. Talabalardıń úlken toparlarınıń bilimlerin bahalaw, nátiyjelerin tez qayta islew múmkin.

5. Bahalawda alınǵan nátiyjelerdi júdá anıq bahalaw itimalı kúshli.

Semestr dawamında talabalardıń oqıw materiyalın ózlestiriw barısın tekseriw ushın, test tapsırmalarınan paydalanıw oǵada qolay. Test sınaqlarınıń abzallıqlarına onıń sistemalılıǵı hám talabanıń bilimlerdi ózlestiriwin ballı reyting bahalaw múmkinshiligi de kiredi. Qadaǵalawdıń bul túri dástúriy oqıtıw procesinde oqıwshılardıń miynetin xoshametlew, pánniń oqıtıw mazmunı hám metodikasın jetilistiriw ushın zárúr bolǵan oqıtıwshı hám talaba arasındaǵı "keri baylanıstı" támiyinlewdiń tiykarǵı quralı [4:196].

Test qadaǵalawınan paydalanıwdıń boslıqlarıda joq emes:

- test sınaqları járdeminde talabanıń úyrenilgen pándi tereń túsingenin, onıń pánge degen qızıǵıwshılıǵın, pikirin, bilimlerin ámeliy paydalana alıw usılları hám múmkinshiliklerin biliw, bahalaw múmkin, degen menen, kópshilik jaǵdayda oǵada qıyın;

- tekseriwdiń fragmentallıq hám lokallıq xaraxterine baylanıslı talabanıń bilim, qábilet, kónlikpe t.b. sıyaqlı kompetenciya belgilerin bahalawǵa erisiw derlik múmkin emes.

- sapalı test sorawları, tapsırmaların islep shıǵıw - uzaq, mashaqatlı hám qımbat process;

- oqıtıwshınıń alǵan test sınaqları nátiyjeleri, belgili bólimler boyınsha bilimlerdegi boslıqlar haqqında maǵlıwmatlardı óz ishine alǵanı menen, bul boslıqlardıń kelip shıǵıw sebepleri haqqında anıq pikir aytıp, juwmaq shıǵarıw múmkinshiligin bermeydi;

- test talabanıń dóretiwshilik qábileti menen baylanıslı kreativ iskerligin, abstrakt hám metodologiyalıq bilimlerin tekseriw hám bahalaw imkaniyatın bermeydi;

- testte kóp temalardı qamtıp alıw múmkinshiligi keń, lekin test sınaqları menen qadaǵalaw hám bahalawdıń awızsha yamasa jazba imtixanlar menen salıstırmalı kemshiligi, materiyaldı tereń analiz qılıw imkaniyatınıń bolmawı;

- testtiń qalıslıǵı hám ádillıǵın támiyinlew, test tapsırmalarınıń jasırınlıǵın támiyinlew mashqalasın kórip shıǵıwdı talap etedi [6].

Testti tákirar qollanıwda тест tapsırmalarına ózgertiwler kirgiziw maqsetke muwapıq. Tákirarda tosınarlı element mısalı, ápiwayı sorawǵa tuwrı juwap bere almaǵan oqıwshı, qıyınlaw sorawǵa tuwrı juwap beriwi múmkin. Óytkeni birinshi sorawdaǵı tosadıy qáte, ekinshi sorawdaǵı juwaptıń durıslıǵın shamalap biliw múmkin. Bul test nátiyjelerin buzıp kórsetedi hám nátiyjeni analiz qılıwda itimal (shama menen) esapqa alıw zárúrligin asıradı.

Joqarıda keltirilgen bul kemshilikler, bilimlerdi ólshew hám qadaǵalawda bárha test sınaqlarınan paydalanıw zárúr – degen pikirdi biykarlaydı. Sebebi, bilim, uqıp, qábilet hám kónlikpelerdi ózlestiriwdiń barlıq zárúr sırların hám insanıy pazıyletlerdi test quralları járdeminde alıw múmkin emes. Aytayıq, talaba óz juwapların mısallar menen dálillew qábileti, faktler keltiriwdi biliw, pikirleriniń logikalıq óz ara baylanıslı hám tiykarlı tastıyıqlanǵanın kórsetiw t.b. uqıp, qábilet hám kónlikpelerdi test qadaǵalawları járdeminde diagnostikalaw múmkin emes.

Bul, testlerdi oqıwshılardıń bilimlerin tekseriw hám bahalawdıń basqa forma hám metodları menen uyǵınlastırıw yamasa almastırıw zárúrligin keltirip shıǵaradı [7].

Test sınaqlarınıń basqa qadaǵalaw túrlerinen úlken bir parqı – ol adamnıń kúshli yadlaw qábiletine tiykarlanǵan. Adamǵa oǵada kerekli adamgershilik, hújdan, minnet, ásirese, xalqın hám Watanın súyiw hám basqa da insanılıq sezim-túsiniklerdi qáliplestire almaydı.

Prezidentimiz Sh.Mirziyoyevtiń basshılıǵında mámleketimiz korrupciyaǵa qarsı qatań gúresip atır. Usınday bir aktual máselede atı atalǵan adamgershilik pazıyletlerine iye bolmaǵan erteńgi lawazım iyeleri

arasınan qanday adamlar ósip shıǵıwına kim, qanday kepillik bere aladı? Soraw, juwaptı filosofiyanıń sebep-aqıbet baylanısları nátiyjelerinen tabıwdı talap etedi.

Pedagogikalıq diagnostika máselelerin izertlewlerden alınǵan diagnostikalıq nátiyjelerge muwapıq joqarı bilimlendiriw sistemasınıń effektiv dárejede tabıslı islewi, diagnostika tártip-qaǵıyda dástúrlerin, bul sistemanıń nátiyjeli iske asıwın izertlewshi professor-oqıtıwshılar quramınıń metodologiyalıq tayınlıǵı olardıń zamangóy ilimiy ásbap-úskeneler menen támiyinleniw dárejesi menen tikkeley baylanıslı. Diagnostikalıq iskerlikte, shaxsqa jeke jantasıw principlerın metodologiyalıq qural sıpatında qollanıw, diagnostika mashqalasın ámeliy hám teoriyalıq baǵdarda tálim procesi qatnasıwshılarınıń birgelikte islesiwi, oqıtıwshılar hám talabalar iskerligi túrlerine tán ózgeshelikleriniń hár qıylı aspektlerin esapqa alǵan halda kórip shıǵıwǵa múmkinshilik beredi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, bilimlendiriwde tálim nátiyjelerin qadaǵalaw hám bahalawda obyektiv pedagogikalıq diagnostikalıq maǵlıwmatlarǵa tiykarlanıp alınǵan, talabalardıń bilim dárejesi boyınsha joqarı nátiyjeleri jáhán civilizaciyası rawjlanıwı procesinde mámleketimizdiń tabıslı rawajlanıwınıń kepili bolıp tabıladı.

**Ádebiyatlar**


1. Ингенкамп К. Педагогическая диагностика. / К.Ингенкамп – М.: «Педагогика», 1991.
2. Полонский В.М. Оценка знаний школьников. – М.: 1981.
3. Фонды комплексных квалификационных заданий по специальностям высшего образования: Методические рекомендации по разработке. Под ред. В. П. Беспалько и Н.А.Селезневой – М.: 1990.
4. Сидорина В.А., Зайцева Е.М. Особенности педагогической технологии управления развитием информационной компетентности студентов в техническом вузе. // Актуальные проблемы гуманитарных и естественных наук. 2012. № 7.
5. Аванесов В.С. Композиция тестовых заданий. Учебная книга. 3 изд., доп. –М.: Центр тестирования, 2002.
6. https://www.labrate.ru/azgaldov/expert_methods_in_evaluating_the_quality1974lpdf
7. https://cyberleninka.ru/article/n/preimuschestva i nedostatki testirovaniya v sravnenii s drugimi metodami kontrolya znaniy.



**REZYUME.** Maqolada talabalarning ta'lim natijalarini pedagogik tashxislash va baholashning ayrim muammolari ko'rib chiqilgan. Diagnostikaning asosiy vositalari va muolajalari kursatilgan. Pedagogik diagnostikaning an'anaviy usullari bilan taqqoslaganda bilimlarni baholashda test nazoratining afzalliklari va kamchiliklari aniqlangan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются некоторые проблемы педагогической диагностики и оценивания результатов обучения студентов. Рассмотрены основные средства и процедуры диагностики. Выявлены преимущества и недостатки тестового контроля знаний по сравнению с традиционными методами педагогической диагностики.

**SUMMARY.** The article considers some results of pedagogical diagnostics and evaluation of students' learning outcomes. The main means and procedures of diagnosis are considered. The advantages and disadvantages of test control of knowledge in comparison with traditional methods of pedagogical diagnostics are revealed.


## ШАХСНИНГ МАЪНАВИЙ-АХЛОҚИЙ КОМПЕТЕНЦИЯСИ ТУШУНЧАСИ ВА УНИНГ МЕТОДОЛОГИК АСОСЛАРИ


**О.Х.Базаров –** *фалсафа фанлари бўйича фалсафа доктори*

*Ижтимоий маънавий тадқиқотлар институти*



**Таянч сўзлар:** шахснинг маънавий-ахлоқий компетенцияси, жамият, педагогика, ахлоқий қадриятлар, методология, таълим, тарбия,

**Ключевые слова:** духовно-нравственная компетенция, психология, педагогика, нравственное воспитание, методология, образование, воспитание.

**Key words:** spiritual and moral competence, psychology, pedagogy, moral education, methodology, education, upbringing.


**Кириш.** Ўзбекистонда мустақилликка эришилган дастлабки кундан бошлаб фан, таълим ва тарбия мазмунига алоҳида эътибор қаратилиб, мамлакатимизда баркамол авлодни шакллантириш, ёшларни маънавий-ахлоқий ва жисмонан соғлом этиб тарбиялаш, уларни олиб борилаётганислоҳотларнинг фаол иштирокчисига айлантиришга қаратилган чора-тадбирлар изчил амалга оширилмоқда.

Жамият тараққиёти ҳар бир инсоннинг юқори даражада маънавиятга эга бўлишини тақозо этади. Шу нуқтаи назардан келиб чиқиб қаралса, ижтимоий фалсафа жамиятдаги маънавият борасида олиб борилаётган сиёсатни ўрганиши ва уни янада такомиллаштиришнинг муҳим омили саналади. Зеро, мамлакатнинг равнақи, фуқароларнинг юксак маънавиятлилиги, баркамоллиги бу борадаги муаммоларга жиддий ёндашишни талаб қилади.

Жамият ривожида, албатта, унда фаолият юритадиган кадрлар масаласи муҳим ўрин тутади. Унинг ахлоқий онги ва маънавий дунёқараши жамиятдаги муносабатларини белгилайди. Бу эса кадрларнинг маънавий-ахлоқий компетенциясига боғлиқ. Кадрларнинг ўз соҳасига нисбатан ахлоқий ёндашуви ва масъулияти юқори бўлса, давлат бошқаруви, ватани олдидаги бурчига садоқати, ижтимоий муносабатларда инсонийлик, адолат, шаффофлик ва ватанпарварлик мезонлари устувор бўлади. Шунингдек, маънавий баркамол шахслар жамиятда адолат ва қонун устуворлигини таъминлаш, ижтимоий ҳамжиҳатликни мустаҳкамлаш, ижтимоий масъулиятни кучайтириш, маънавий ва маданий меросни асраш, коррупцияга қарши курашиш, инновация ва технологик тараққиётни маънавий қадриятлар билан уйғунлаштиришда фаол иштирок этади.